

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Layang Carios Abduloh.” Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif anu mangrupa salasahiji métode dina panalungtikan kualitatif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeunna nyaéta téhnik studi pustaka. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan déskripsi naskah, transliterasi, jeung analisis ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”. Dina ieu bab dipedar kacindekan-kacindekan anu dicangking tina ieu panalungtikan.

Naskah wawacan “Layang Carios Abduloh” nu jadi sumber data panalungtikan, ditulis di Kampung Cikupa Perenahna di Desa Bojongmalang, Kecamatan Cimaragas, Kabupaten Ciamis. Upama naskahna sorangan, réngsé ditulis ping 27 Romadon tahun Jum Ahir 1354 H / 22 Désémber 1935. Ieu naskah ditulis dina wangun puisi kalayan ngagunakeun aksara Arab Pégon tur maké basa Sunda. Naskah nu ditalungtik kandelna 329 kaca. Jumlah pada dina naskah aya 2.443 pada jeung ngagunakeun 13 pupuh, nyaéta asmarandana, pucung, magatru, mijil, dangdanggula, pangkur, kinanti, durma, sinom, wirangrong, ladrang, maskumambang jeung gambuh. Eusi naskah mangrupa biografi Nabi Muhammad SAW. Hal nu mimiti dilakukeun ku panulis nyaéta prosés transliterasi anu gugon kana buku Pedoman Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegon. Tina hasil prosés transliterasi, panulis ngalakukeun panalungtikan mimiti pikeun mikanyaho idéntitas naskah sarta bisa ngadéskripsikeun waruga naskahna kalayan ngageunakeun padoman wawancara. Sabada ngadéskripsikeun naskah, panalungtikan dituluykeun kana ajén kaagamaan, nyaéta nganalisis eusi naskah anu patali jeung hal kaagamaan.

Ajén kaagamaan nu kapanggih dina ieu panalungtikan dipasing-pasing dumasar kana sumber ajaran Islam, nyaéta Akidah, Syari’ah, jeung Akhlak. Anu kaasup kana akidah nyaéta 1) iman ka Allah, 2) kakawasaan Allah, 3) iman ka Rosululloh, 4) Nabi Muhammad panutup sakabéh nabi, 5) iman kana Kitab-kitab

Allah, 6) Allah Maha Tunggal, 7) kasampurnaan Allah, 8) miboga rasa sieun ka Allah, 9) kaistimewaan Al-Qur'an, 10) iman ka Malaikat, jeung 11) agama Islam. Anu kaasup kana syari'ah nyaéta 1) takdir manusa, 2) anjuran nikah, 3) kautamaan maca *basmallah*, 4) sabar tina kamusibatan, 5) kahadéan ngadegkeun masjid, 6) solat Istisqo, 7) syukur ka Allah, jeung 8) kawajiban nungtut élmu. Sarta nu kaasup kan akhlak nyaéta 1) ulah adigung jeung kudu tawadhu, 2) ngalakukeun lampah hadé, 3) larangan goréng sangka, jeung 4) Larangan milampah syirik. Sakabéhna didasaran ku sumber hukum Islam nyaéta Al-Qur'an jeung Hadits.

5.2 Implikasi

Hasil transliterasi bisa digunakeun pikeun prosés maham masarakat kana maca aksara Arab Pégon ka aksara Latén. Tuluy ajén agama dina ieu naskah bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara hal pikeun ngahontal bebeneran jeung hal nu ngajadikeun manusa sampurna. Salian ti éta, ajén agama ogé bisa dilarapkeun dina kahirupan masarakat sapopoé, saperti dina cara ngadidik, sangkan milampah pagawéan anu hadé nalika di dunya.

5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan tangtu masih loba kahéngkéranna. Tapi sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji karya sastra heubeul. Aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun ka sababaraha pihak, nyaéta saperti ieu dihandap.

Pikeun masarakat, dipiharep bisa ngariksa kabudayaan Sunda saperti wawacan anu pinuh ku ajén-ajén luhung, ogé dipiharep mikawanoh kana naskah lantaran bisa méré informasi pikeun masarakat di jaman kiwari.

Pikeun mahasiswa Departemén Pendidikan Basa Sunda, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh kana naskah heubeul sarta pikeun ngaronjatkeun sumanget pikeun leuwih ngaguar deui naskah-naskah nu aya.